

Policy Against Discrimination and Harassment Report

Kreyòl ayisyen (Haitian Creole)

Rapò politik kont diskriminasyon ak pèsekisyon (PADH)

Konsilte PADH: Politik kont diskriminasyon, pèsekisyon ak pratik anbochaj / sèvis diskrimatwa pou jwenn plis enfòmasyon osijè politik 106.

<https://www.rochester.edu/working/hr/policies/pdfpolicies/106.pdf>

Si ou gen kesyon konsènan si wi ou non PADH la aplikab pou sa k ap preyokipe w lan, tanpri imèl tout kesyon ou genyen yo nan PADH@rochester.edu.

Èd pou ljans

Si ou santi ensidan sa a prezante yon menas pou sante oswa sekirite nenpòt moun nan kominote inivèsite a, tanpri kontakte Depatman sekirite piblik la nan 585-275-3333.

* endike ou dwe bay enfòmasyon an

Rapò PADH

Èske w gen yon preyokipasyon ou ta renmen prezante? Tanpri itilize fòmilè ki annapre a.

Èd pou ranpli fòmilè sa a

Moun ki bezwen èd pou ranpli fòmilè sa a (egzanp, si ou bezwen yon moun tradui pou ou) ta dwe kontakte Biwo medyatè inivèsite a (Office of the University Intercessor) nan 585-275-9125.

Kloz sou anonima

Ou gendwa soumèt rapò sa a etan idantite w rete sekre; sepandan, si yon investigatè pa kapab kontakte w pou jwenn plis enfòmasyon, kapasite inivèsite a pou fè yon aksyon an repons a plent ou prezante a gendwa limite anpil.

Mwenobligatwa *

Ajan pou divèsite ak enklizyon Pèsonèl anseyan Elèv 2yèm sikl Antreprenè endepandan Pa-anplwaye Rezidan Anplwaye TAR/Per Diem Elèv 1ye sikl Pa konnen/Lòt

Non rapòtè a (Non pa w)

Pwonon ou yo

Imèl rapòtè a

Nimewo telefòn rapòtè a

Èske w ap rapòte pou oumenm oswa onon yon lòt moun? Obligatwa *

Si se onon yon lòt moun, tanpri idantifye moun lan.

Tanpri dekri konpòtman diskriminatwa/pèsekisyon an. Obligatwa *

Tanpri esplike nou chak zak move konpòtman oumenm oswa moun w ap fè rapò sa a pou li te viktim. Tanpri make dat, kilè, non moun ki enplike yo (si ou konnen) epi esplike poukisa ou panse konpòtman sa a se diskriminasyon/pèsekisyon. :

Dat/Kilè konpòtman ki rapòte a (si ou konnen) Obligatwa *

Tanpri, endike tout dat pou konpòtman sa a. Tanpri, endike si konpòtman an ap kontinye toujou.

Anplasman konpòtman ki rapòte a Obligatwa *

Tanpri, idantifye ki kote ensidan an rive.

Èske oupanse nenpòt nan sa ki annapre yo te motive ensidan an? Obligatwa *

Chwazi tout bon repons yo, tanpri:

Laj

Kazyè jidisyè pou arestasyon ak kondanasyon

Estati sitwayènte

Koulè po

Kwayans/relijyon (ki gen ladan rad relijye ak bab)

Vyolans ant menaj/nan kay

Andikap

Estati vyolans nan kay

Etnisite

Estati familyal

Idantite/ekspresyon jann

Enfòmasyon jenetik:

Estati sivil

Estati militè/veteran

Peyi natifnatal

Lòt – Tanpri, endike annapre a.

Gwosès

Ras (ki gen ladan jan cheve yo kwafe)

Priz desizyon sou sante repwodiktif

Reprezay

Fi oswa gason

Agresyon seksyèl

Pèsekisyon seksyèl

Oryantasyon seksyèl

Talonnen

Si ou make 'Lòt' anlè a, tanpri esplike

Kont ki moun yo pote plent lan? Obligatwa *

Moun ki enplike Obligatwa *

Tanpri, idantifye nenpòt moun anplis ki enplike (pati ak temwen yo) ikonpri depatman an/yo, si sa aplikab:

Enfòmasyon siplemantè

Deklarasyon sou konfidansyalite

Inivèsite a pral fè tout demach ki rezonab pou pwoteje lavi prive pleyan, defandè, ak temwen yo. Pleyan, defandè ak temwen yo pral enfòmè si yo revele enfòmasyon konsènan plent lan, sa kapab konpwomèt entegrite investigasyon an. Nenpòt kalite reprezay se yon vyolasyon politik sa a. Pati yo rete lib pou pataje pwòp eksperyans pa yo, menmsi pou evite konpwomèt investigasyon an, pandan dewoulman investigasyon an limenm, yo rekòmande anjeneral pou limite kantite moun yo pale de zafè yo. Selon sikonstans yo, investigatè a gendwa pran mezi pou pwoteje entegrite investigasyon an oswa pou anpeche konpòtman ki pèsevwa kòm reprezay.

Entèdiksyon reprezay

Inivèsite a entèdi pou nenpòt etidyan, anseyan, oswa anplwaye fè reprezay kont yon moun paske li fè yon rapò PADH de bònfwa.

Resous pou sipò

Si ou se yon anplwaye ki bezwen sipò emosyonèl, konseye nan Pwogram asistans pou anplwaye (Employee Assistance Program, EAP) disponib 24 sou 24. Ou kapab rele EAP nan 585-276-9110.

W ap jwenn plis enfòmasyon nan URMC.Rochester.edu/EAP.

Si ou yon etidyan k ap chèche sipò emosyonèl, Sant terapi-konsèy inivèsite a (University Counseling Center, UCC) se yon resous konfidansyèl ki disponib 24 sou 24. Ou kapab kontakte UCC nan telefòn nan niemwo 585-275-3113. Pou jwenn plis enfòmasyon, ou kapab al gade nan Rochester.edu/UHS/UCC.

Tache dokiman/Telechaje

Tanpri, tache nenpòt dokiman pètinan, depreferans nan youn nan fòma ki annapre yo (si disponib): Dokiman Word, jpeg, pdf, png, mp3.

Depoze fichye yo la pou telechaje yo

Telechaje fichye a

VerifikasyonObligatwa *